

Wi mwen konn viv !

Tòm 1



Nivo 2

Kreyòl

Pou responsab edikasyon nan peyi a, direktè lekòl yo e espesyalman enfatigab anseyan nou yo, ak elèv ayisyen nou yo:

Nou salye nou chak e wete chapeo devan nou chak pou patisyon nou gen pou nou jwe sitou nan sa ki konsène edikasyon an Ayiti.

Se avèk anpil plezi poun pote pou nou youn nan liv ki soti nan koleksyon Makòs, "Wi mwen konn viv". Ide sila a soti a pati de yon ansanm de konsta nan sosyete aktèl la, kote nan anpil ka nou wè sak rele "savwa-viv" la plòye mete sou kote. Nou panse ke nou kòm ajan edikatif pa ka rete bwa kwaze devan sitiyasyon sila a. Se pou tèt sa nou panse a pote kèk nosyon de baz poun ka kòmanse pi bonè posib ak timoun yo ki yo menm kap vinn ranplase granmoun yo demen.

Nou espere ke zouti sa a pral itil nou anpil kòm sipò pou ranfòse timoun yo nan kòman pou yo viv on fason plizumwen akseptab nan sosyete a.

Dhieuny SATURNE

Wi mwen konn viv !

Tòm 1

Dhieuny SATURNÉ

Nou lanse on remèsiman espesyal ak tout staff "NABU.ORG" ki te pran swen pou ankadre plizyè jèn otè, kem te gen chans pami yo, ak fanmi mwen pou tout sipò yo avèm, epi kòlèg mwen Marie Carmelle Jean Louis pou espri travay ansanm li.

Kreyòl
Ayiti

Copyright © 2017, NABU.ORG, Dhieuny SATURNE



<http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/>


You are free to make commercial use of this work. You may adapt and add to this work. You must keep the copyright and credits for authors, illustrators, etc.



Salitasyon

Matin : "Bonjou".

Aswè : "Bonswa".



"Orevwa" Madam.

"Mèsi" Mesye.

"Silvouplè" zanmim.




Prezantasyon

Mwen rele Jan.

Mwen genyen 5 kan.

Mwen abite Dèlma.




-Mwen lekòl: "kolèj sakù".

Mèt mwen rele RORO.

Nan fanmim genyen 3 moun.

Papa, manman epi mwen.




Manje sou tab.

Chita dwat.

On men chak bò asyèt la.

Tann mèt kay la pou kòmanse.




Sèvyèt sou jenou.

Pa mete koud sou tab la.

Kenbe fouchèt ak men goch.

Epi, kouto a avèk men dwat.



Pa koupe salad yo ak kouto a
ni pen an. Siye bouch avan ou
bwè. Pale ak bouch vid.

Liv lekti savwa viv sila a ekri patikilyèman pou timoun dezyèm ak twazyèm ane fondamantal sèvi. Lakay oswa nan lekòl la moun kap gide timoun nan nan lekti ,nou konseyew itilize kèk materyèl konkrè pou kèk nosyon ki gen rapò ak objektif lide ou vle fè pase a.

N.B: Elèv premyè ane fondamantal ka itilize l tou a kondisyon moun kap gide yo a mennen lekti a pou yo.

TÒM 2 a nan wout rete tann!



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE

